# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु डेंगू, मलेरिया, इंसेफेलाइटिस जइसन संचारी रोगन पर काबू पावे खातिर बिशेष संचारी रोग नियंत्रण अभियान क सुरूआति कइल गइल। ई अभियान एकतीस अक्टूबर ले चली, जेहमें बारह गो विभाग आपस में मिलि–जुलि के साथे काम करिहें। गोरखपुर में येह अभियान क सुरूआति सांसद रवि किशन फॉगिंग वैन अउर परचार वाहनन के हरियर झंडी देखा के रवाना करे के सथहीं कइलें। येह दौरान सांसद मौजूद लोगिन के संचारी रोगन पर काबू पवले में सहजोग क सपथो दियवलें। कुशीनगर में मुख्य चिकित्साधिकारी अभियान के तहत आशा कार्यकत्रियन क जनजागरूकता रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। अमेठी के जिला मुख्यालय में जिला पंचायत अध्यक्ष राजेश अग्रहरी अउर जिलाधिकारी संजय चौहान जागरूकता रैली के झंडी देखवलें। प्रतापगढ़ में येह अभियान क सुभारम्भ जिला चिकित्सालय परिसर से एगो जन–जागरूकता रैली निकारि के कइल गइल।

**********

प्रदेस में मिशन शक्ति क पचवां फेरा सुरू हो गइल हौ। येह फेरा में इग्यारह अक्टूबर ले चले वाले 'अंतरराष्ट्रीय बालिका सप्ताह' के तहत प्रदेस भर में 'पर्सनल सेफ्टी अवेयरनेस' बिसय पर बिसेस कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल बा। जौनपुर में येह अभियान में आजु कम्यूनिटिंग पुलिसिंग अउर महिला ससक्तिकरण खातिर मेहरारून के जौनपुर पुलिस की ओरि से जागरूक कइल गइल। अम्बेडकरनगर के थान्हा महरूआ इलाका के आदमपुर तेंदुअली गांव में मेहरारून के टोल फ्री नम्बर, साइबर क्राइम अउर महिला अपराध से जुड़ल जनकारी दे के जागरूक कइल गइल।

**********

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण सात से पनरह बरिस तक के लइकन बदे आधार बायोमेट्रिक अपडेट सुल्क माफ कइ दिहले हवे। इलेक्ट्रॉनिक्स अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय बतवले हवे कि येह आयु वर्ग खातिर अनिवार्य बायोमेट्रिक अपडेट सुल्क में छूट पहिला अक्टूबर से लागू कइल गइल बा अउर एक बरिस खातिर लागू रही। येह फैसिला से देस भर क करीब छौ करोड़ लइकन के फायदा मिलले ओम्मेद बा।

**********

केन्द्र सरकार राष्ट्रीय राजमार्ग सुल्क संग्रह नियम–दुइ हजार आठ में बदलाव कइले हौ। नया नियम के हिसाबि से वैध अउर सक्रिय फास्टैग के बिना टोल प्लाजा से गुजरे वाले वाहन जो त नकद क बिकल्प चुनिहें त ओन्हें आधिकारिक उपभोक्ता सुल्क क दुगुना भुगतान करे के होई। जो त सुल्क क भुगतान यूपीआई के जरिये कइल जाई त आधिकारिक सुल्क क सवा गुना भुगतान करे के होई। ई नियम अगिला महिन्ना के पनरह तारीख से लागू होई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोसित आ पछिला महिन्ना के बाइस तारीख से सुरू भइल जीएसटी बचत उत्सव क फायदा समाज के सज्जो वर्ग के मिलि रहल बा। कपड़ा क्षेत्र में टैक्स कटउती के परभाव पर एगो रिपोर्ट–

***आम लोगिन के ढेरे लाभ पहुंचावे बदे सरकार कपड़ा उद्योग पर जीएसटी कम कइ दिहले हौ। नया जीएसटी सुधारन में हाथ से बनल रेसा पर कर क दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। येही तरियन हाथे से बनल धागन पर जीएसटी बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दिहल गइल बा, जेहसे परिवारन के आरथिक राहति मिली। एकरे सथहीं पचीस सौ रूपिया प्रति पीसि तक ले क लागत वाला रेडीमेड कपड़न पर जीएसटी घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल हौ, जेहसे फैसन किफाइती होई अउर मांग में बढ़ोत्तरी होई। जीएसटी टू प्वाइंट ओ में दीहल गइल व्यवस्था मध्यम आ छोटहन आय वर्ग के परिवारन खातिर भारतीय परिधान के किफाइती बना देई। आकाशवाणी दिल्ली से रोहन अउर नीतिका गुप्ता के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से राकेश।***

**********

उत्तराखंड के चारों धाम क कपाट बंद भइले के तारीख क घोसणा कइ दीहल गइल बा। येह सालि केदारनाथ मंदिर तेइस अक्टूबर के अउर बदरीनाथ धाम पचीस नवम्बर के सीतकाल खातिर बन्द हो जाई। श्री बद्री–केदार मंदिर समिति क अध्यक्ष हेमंत द्विवेदी के हिसाबि से उत्तर काशी जिला में गंगोत्री धाम क कपाट बाइस अक्टूबर के अउर यमुनोत्री धाम क कपाट तेइस अक्टूबर के बन्द कइल जाई। कपाट बंद भइले के बाद सरधालु अगिला छौ महिन्ना ले मां गंगोत्री के मुखवा अउर यमुनोत्री के खरसाली में दरसन–पूजन कइ सकिहें।

**********

ओन्नइसवां राष्ट्रीय जंबूरी क आयोजन तेइस से ओन्तीस नवम्बर ले लखनऊ में होई। हप्ता भर चले वाले येह भव्य आयोजन खातिर लखनऊ के वृन्दावन योजना में डिफेंस एक्सपो ग्राउंड पर टेंट सिटी बसावल जाई। जंबूरी खाली एगो सिविरे नाहीं बलुक भाईचारा, संस्कृति अउर नेतृत्व क मंच होई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में बीतल दुइ दिन में रूकि–रूकि के भइल बरखा के नाते तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ अउर लोगिन के उमस भरल गरमी से राहति मिलल हवे। मौसम विभाग के हिसाबि से बरखा क वायुमण्डलीय दाब अबहिनों बनल हवे, जेकरे नाते अगिला चउबीस घंटा ले असमान में बदरी छावले रही आ कुछु जगहिनि पर रूकि–रूकि के हल्लुक से मध्यम बरखा भइले क आगम हवे।

**********